

Sijè: Konsèy Jistis Anviwònman an – Reyinyon An Pèsòn ak yon Opsyon Vityèl– 12 Fevriye, 2026

Chè Moun ki Gen Enterè/Antèt Jistis Anviwònman,

Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman (EEA) a ap konvoke Konsèy Jistis Anviwònman an (EJC) pou pwochen reyinyon li a nan dat **12 Fevriye 2026 a 6:30 pm (EST)**. Manm konsèy yo pral chita pale sou Enèji Pwòp ak Plan Klimatik. N ap rezève yon lè espesyal nan reyinyon an pou piblik la fè kòmantè jeneral.

Tanpri. Itilize lyen sa a pou w ka enskri nan reyinyon an:

https://www.zoomgov.com/webinar/register/WN_rZw77ziCTN-ihFdsoPHvma

Lojisyeèl. Reyinyon ibrid sa a ap fèt an menm sou entènèt atravè Zoom epi an pèsòn nan Roxbury Community College (← Kolèj Kominotè nan Roxbury a). Yo estime reyinyon an ap dire 90 minit. Blding nan sitiye nan 1234 Columbus Ave, Roxbury Crossing MA 021210. Pou w vini, ou ka pran liy Orange Line ki ale nan direksyon Forest Hills la (estasyon Roxbury Crossing), ak otobis 14, 22, 41, ak 66. Pakin disponib pou vizitè nan Pakin Lòt #2.

Sipò Entèpretasyon N ap gen entèpretasyon vityèl nan lang sa yo Espanyòl, Pòtigè, Mandaren, Vyetnamyen, Kreyòl Ayisyen, ak Lang Siy Ameriken (ASL). Si w ap bezwen sèvis entèpretasyon nan yon lang espesifik, oswa nenpòt lòt akomodasyon, tanpri ajoute demann sa a nan yon imèl voye bay meetings@erg.com. Ou dwe voye demann ou an 48 èdtan avan lè reyinyon an ap kòmanse a. Pou jwenn enfòmasyon sa a an gwo karaktè an Anglè oubyen an Bray (ti pwèn pou moun ki pa wè nan je), rele nan 1-877-623-6765. TTY: 1877-623-7773.

Lwa Reyinyon Piblik la. Konsèy EJ a fonksyone anba Lwa Reyinyon Piblik la [<https://www.mass.gov/the-open-meeting-law>] epi akeyi manm piblik la ki vl eobsève reyinyon fòmèl yo. Pandan reyinyon an, yon obsèvatè ka ka reponn/adrese yon kòmantè oswa yon kesyon yo poze Konsèy EJ a avèk pèmisyon Prezidan an.

Plis Enfòmasyon Sou EJC: Gouvènè a nonmen EJC a pou konseye epi bay Sekretè EEA a rekòmandasyon sou règleman ak estanda ki enpòtan pou reyalize prensip jistis anviwònman an. Lalwa leta a defini prensip sa yo kòm "prensip ki sipòte pwoteksyon kont polisyon anviwònman an ak kapasite pou viv nan epi jwi yon anviwònman pwòp epi ki an sante, kèlkeswa ras, koulè, revni, klas sosyal, dezabilite/andikap, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, orijin nasyonal, etnisite oswa zansèt, kwayans relijye oswa konpetans yon moun nan lang Anglè, sa ki enkli: (i) patisipasyon enpòtan tout moun anrapò ak devlopman, aplikasyon ak aplikasyon lwa, règleman ak règleman anviwònman yo, sa ki enkli règleman sou chanjman klima; ak (ii) distribisyon ekitab benefis enèji ak anviwònman yo ak chay anviwònman yo." Lwa a endike nan Seksyon 62L nan lyen sa a:

[<https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2021/Chapter8>].

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou EJC a, ajanda pwochen reyinyon yo, ak anrejistreman ansyen reyinyon yo isit la: <https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council>. Tanpri, klike sou “Chwazi Lang” sou bò dwat anlè tèt paj wèb la pou w tradui paj la.

Mèsi,

María Belén Power
Sou-Sekretè Jistis ak Ekite Anviwònman an
Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman